6. A. Haydarov. Madaniyat va san’at sohasini boshqarish asoslar. G‘afur G‘ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi. Toshkent. 2016.
7. Madaniyat va san’at muassasalarini tashkil etish hamda boshqarishga doir me’yoriy hujjatlar to‘plami. G‘afur G‘ulom nomindagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi. Toshkent. 2016.
8. A.Júzimbetov. Á.Ábdikamalov. Klub dramaturgiyası hám milliy dástúrler. Nókis. Bilim. 1996.

**REZYUME.** Madaniy tadbirlar ham tashkil etilayotgan tadbirning mundarijasiga qaray, uning ichki mundarijasi belgilanadi, turli usullar asosida, yoshlarga bilim va tarbiya, ma’naviy ozuq berishga yo‘nalishlanib madaniy tadbir sifatida tashkil etiladi.

**РЕЗЮМЕ.** Культурные мероприятия организуются также как культурное мероприятие, основанное на различных методах, направленное на обеспечение образования и духовного питания молодежи, в зависимости от содержания организуемого мероприятия.

**SUMMARY.** Cultural events are also organized as a cultural event based on different methods, aimed at providing education and spiritual nourishment to young people, depending on the content of the event being organized.

# КИТАПХАНА-МӘЛИМЛЕМЕ ТАРАЎЫН БАСҚАРЫЎ УСЫЛЛАРЫН ЖЕТИЛИСТИРИЎ

**М.Б.Худайбергенова** – *оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекет көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** кутубхона-ахборот, бошқариш усуллари, тажриба, хизмат, муассаса.
**Ключевые слова:** библиотека-информация, методы управления, опыт, служба, учреждение.
**Key words:** library-information, management methods, experience, service, institution.

Китапхана-мәлимлеме тараўындағы жаңа реформалар мәмлекет раўажланыўының мәдений-ағартыўшылық ҳәм жасларға тийисли мәмлекет сиясатының трансформация процесслерин әмелге асырыўда үлкен орын тутады. Халқымыздың руўхый кәмиллигин асырыў, китапхана-мәлимлеме тараўында сапалы хызмет көрсетиўдиң мүмкиншиликлерин еле де жетилистириў бағдарында заманагөй стратегиялық жобалар жаратыў ҳәм мәмлекет бағдарламаларын ислеп шығыў бойынша журтымызда кең көлемли унамлы жумыслар әмелге асырылып атыр. Әсиресе, тараў ўәкиллериниң маманлығын системалы асырып барыў, абырайлы шет ел китапханалардың жумыс тәжирийбесин үйрениў, тараўдың басқарыў искерлигин түптен жетилистириў, хызметкерлерди социаллық қорғаў ҳәм хошаметлеп барыў мәмлекетимиздиң үстинликке ийе бағдарындағы ўазыйпаға айланып үлгерди.

Китапхана-мәлимлеме искерлиги – китапхана-мәлимлеме мәкемелериниң информацион-коммуникация технологиялары тийкарында китапхана-мәлимлеме фондларын қәлиплестириў ҳәм китапхана-мәлимлеме хызметин көрсетиўди шөлкемлестириў бойынша искерлик. [lex.uz:1] Китапхана-мәлимлеме системасын басқарыўға заманагөй жантасыў, раўажланған шет еллердиң алдыңғы тәжирийбелерин жергиликли әмелиятта қоллаў, китапханалардың жаңаша инновациялық хызмет көрсетиўин тәмийинлеў басқарыў усылларының жетик қолланылыўына қарай қәлиплеседи. Сол себепли де тараўдағы басқарыў системасын жоқары дәрежеде шөлкемлестириў жумысларын алып барыў, халықаралық бирге ислесиўлерди жолға қойыў әҳмийетли ўазыйпа болып, басқарыўдың жаңа усылларын қоллаўды талап етпекте. Халықымызға хызмет көрсетиўши барлық мәкемелердиң басқарыў жумыслары үлкен жуўапкершилик талап ететуғын процесслерден бири. Китапхана-мәлимлеме тараўында да басқарыўдың өзине тән усыллары болып, олардың тийкарғы мақсети ҳалқымызға сапалы ҳәм оператив хызмет көрсетиўден ибарат. Тараўға тийисли китапларда китапхана-мәлимлеме искерлигин басқарыў усыллары бойынша төмендегише түсиник бериледи. Басқарыў усыллары – бул белгиленген мақсет ҳәм ўазыйпаларға ерисиў ушын система ямаса оның киши бөлимлерине, мақсетке бағдарланып тәсир көрсетиў қураллары ҳәм усылларының жыйындысы. Усыл басқарыў процесиниң зәрүрли бөлеги есапланады. Басқарыўда прогрессив усылларды қоллаў

басқарыўдың натийжелилигин тәмийинлейди. Себеби, басқарыў усыллары жәрдеминде адамлар жәмәәтке ҳәм оның барлық ағзаларына тәсир көрсетеди. Сол себепли де басқарыў субъекти ҳәм басқарыў объектиниң айрықшалығы ҳәм өзине тәнлигин итибарға алыў керек. Басқарыў усыллары төмендегише классификацияланады:

- шөлкемлестирилген-буйрық усыллары;
- экономикалық усыллар;
- социал-психологиялық усыллар. [2.183]

Жоқарыда белгиленген үш басқарыў усыллары биргеликте, бир-бирин толықтырған ҳалда қолланылады. Басқарыў жумысы қурамалы социал-мәдений система сыпатында өзине тән өзгешеликке ҳәм раўажланыў нызамлықларына ийе. Негизинде, китапханашылық искерлиги системасы төмендеги жөнелислерди өз ишине алады:

- Китапханалар тармағы;
- Китапхана фондын топлаў;
- Китапхана-мәлимлеме хызметин шөлкемлестириў;
- Китапхана-мәлимлеме искерлигин илимий тийкарда шөлкемлестириў;
- Китапхана-мәлимлеме искерлигиниң методикалық тәмийнаты;
- Кадрларды таярлаў ҳәм қайта таярлаў;
- Китапхана-мәлимлеме искерлигин басқарыў;

Басқарыў объекти болса:

1. Китапхана және оны шөлкемлестиретуғын система бөлимлери;
2. Китапхана-мәлимлеме шөлкеминиң персоналы;
3. Китапхана-библиографиялық резерви;
4. Экономикалық резервлер.

Басқарыў субъекти арнаўлы бир объектти басқарыў кепиллиги берилген жәмәәт органы ямаса басқарыўшы шахс болыўы мүмкин. Басқарыў субъекти ҳәм басқарыў объекти өз ара байланыслылығы кадрлар, принциплер, ўазыйпалар, басқарыў усыллары ҳәм басқарыў технологияларын өз ишине алыўшы басқарыў системасы арқалы ғана әмелге асырылады. Басқарыўдың зәрүрли ўазыйпаларынан бири китапхананың бир пүтин система екенлиги ҳәм раўажланыўын тәмийинлейтуғын мақсетин анықлап алыўдан басланады. Басқарыў мазмунына қарап “хызметкерлер”, “пайдаланыўшылар”, “технология”, “экономикалық резервлар” түсиниклери сыяқлы басқарыў объектлерине байланыслы болады. Бүгинги күнде Германия, Уллы Британия, Австрия, АҚШ, Россия, Латвия, Украина, Беларусь, Қазақстан, Әзербайжан сыяқлы раўажланған мәмлекетлердеги китапхана-мәлимлеме мәкемелери басқарыў принциплериде тийкарғы итибарды пайдаланыўшылардың қызығыўшылығы болған китаплар ямаса электрон китапларға қаратқан. Бунда тек ғана талап ҳәм мүтәжлик тийқарғы орында турады. Ең көп пайдаланылған тараўлық китаплар сатып алынады. Ең көп китабы оқылған авторлар китапхана тәрепинен хошаметлендириледи. Қәнигелер аралықтан да өз жумысларын әмелге асыра алады. Ерисилген нәтийже бойынша ҳәр бир хызметкердиң мүнәсип үлеси белгиленип итибарға алынады. Басқарыўда тек ғана китапханашының емес, пайдаланыушының билимлерин жетилистириў бойынша системалы жумыслар алып барылады. Бундай тәжирийберелерди де елимиздеги китапхана-мәлимлеме мәкемелеринде қоллаў арқалы басқарыўда да, китапхана-мәлимлеме тараўында да жаңа жумыс усылларын ийелеген болар едик. Басқарыў усылларын жетилистириў арқалы келешекте мәмлекетлик китапханалар негизинде жеке-меншик китапханалар қәлиплеседи. Соның менен бирге, түрли усыллары (басқарыў усыллары), жүзеге келеди. Китапханаларды шөлкемлестириў, олардың дүзилиси, хызметкерлер таңлаўы ҳәм басқалар түп-тийкарынан өзгерип кетеди – деген илимий көзқараслар басқарыў усылларын жетилистириў кереклигин дәлиллейди.

## Әдебиятлар


1. 2011-жыл 13-апрелдеги “Мәлимлеме-китапхана искерлиги ҳаққында”ғы 280-санлы ӨзРН. Қараңыз: https://lex.uz/docs/1769736?ONDATE=19.04.2018
2. Махмудов М. Кутубхона – ахборот фаолиятини бошқариш. – Тошкент, ЎзДСМИ. 2019. 436-бет.
3. Артемьева Е. Система управления библиотечным делом. – Россия.: 2014. http://www.spsl.nsc.ru/wp-content/uploads/filebase/centreno/modul4/lekt4_mdl4_compressed.pdf.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада кутубхона-ахборот соҳасини бошқариш усулларини такомиллаштиришнинг аҳамияти ҳақида сўз юритилади. Бугунги кунда кутубхона-ахборот соҳасини бошқаришда замонавий инновацион усулларни амалиётда қўллаш, самарадор фаолият олиб бораётган кутубхона-ахборот муассасаларининг тажрибаларини ўрганиш бўйича фикр-мулоҳазалар билдирилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится о важности совершенствования методов управления библиотечно-информационной сферой. Высказаны мнения о практическом применении современных инновационных методов в управлении библиотечно-информационной сферой сегодня, изучении опыта эффективно работающих библиотечно-информационных учреждений.

**SUMMARY.** The article talks about the importance of improving the management methods of the library-information sector. Opinions were expressed on the practical application of modern innovative methods in the management of the library and information sector today, and the study of the experiences of the library and information institutions that are conducting effective activities.

## РEҢЛЕР - СӨЗСИЗ СӨЙЛЕЙДИ

**А.Мәмбетназарова** - *илимий хызметкер*
*Қарақалпақстан мәмлекетлик И.В.Савицкий атындағы көркем өнер музейи*

**Таянч сўзлар:** живопись, картина, композицион ечим, пейзаж, колорит, иссиқ-совуқ ранглар.

**Ключевые слова:** живопись, картина, композиционное решение, пейзаж, колорит, теплые-холодные тона.

**Key words:** painting, picture, composite solution, landscape, color, warm-cold colors.

Адамзат жаратылысы, турмыс тәризи оның гөззаллыққа куштарлығы менен ажыралып турады. Инсанның мийнет искерлиги, қызығыўшылығы ҳәм исенимлери нәтийжесинде көркем өнердиң ҳәр қыйлы тараўлары жүзеге келген. Атап айтқанда, мүсиншилик, архитектура, музыка, гүлалшылық, сүўретшилик сыяқлы ҳәр түрли көркем өнер тараўлары бар. Олардың арасында сүўретшилик (живопись) өзиниң гөззаллығы, инсанды бир көргеннен өзине тартыўы менен ажыралып турады. Бул әлемдеги гөззаллықтың көринисин өз картиналарында сәўлелендире алыў ҳәмменең де қолынан келе бермейди. Көркем өнер түрлери менен шуғылланыўшы талант ийелери халқымыз арасында көп ушырасады. Олардың арасында белгили художник (живопись) Базарбай аға Серекеев те бар. Ол қарақалпақ сүўретлеў өнериниң ең көрнекли ўәкиллериниң бири. Художник 1942-жылы Кегейли районында туўылған. 1969-жылдан баслап дөретиўшилик пенен шуғыллана баслаған. Ал, 1977-жылдан баслап Өзбекстан художниклери көркем дөретиўшилик бирлеспеси ағзасы ретинде көплеген көргизбелерде белсене қатнасады. Оның дөретпелери адамға эстетикалық заўық бағышлайтуғын әжайып дөретиўшилик дүрданалары сыпатында көзге түседи. Ол тек ғана көриў мүмкин болған нәрселерди ғана сүўретлеп коймастан, ҳәдийселердиң ўақтыншалық раўажланыўын ҳәм динамикалық ҳәрекетлерди де сәўлелендиреди. Оның бир қатар дөретпелери Республикамыз аймақларында сондай-ақ, Россия, Башқуртыстан, Дағыстан, Татарстан ҳәм Қазақстан мәмлекетлеринде көргизбелерге қойылды. Художниктиң ең жақсы ҳәм көрнекли картиналары Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты музейи, Қарақалпақстан мәмлекетлик И.В.Савицкий атындағы көркем өнер музейи, Өзбекстан көркем өнер академиясы Қарақалпақстан бөлими фондларында сақланбақта. Сондай-ақ, республикамызда жайласқан көплеген жумыс орынлары иморатларының интериерин безеп тур. Қарақалпақ халқының миллийлигин ҳәм миллий этникалық өзгешеликлерин өз дөретпелеринде сәўлелендире алған кәлемкеш бир қанша жыллар даўамында бир неше мәрте Республикамыз бойлап жеке көргизбелерин шөлкемлестирди. Әлбетте, усы орында художниктиң бул жетисkенликлериниң сыры, оның дөретиўшилигиниң басқа живопис ўәкиллеринен ажыралып турыўшы тәреплери неде екенлиги ҳаққында сораўлар туўылары сөзсиз. Художник басқа кәсиплеслеринен өзиниң реңлерди көре алыў, өз дөретпелеринде сәйкес реңлерди туўры таңлаў сыяқлы илаҳый пазыйлетлери менен ажыралып турады. Ол қарақалпақ халқының